

Jesu Anonyengetera



Farai nguva dzose; rambai muchinyengetera.
1 Vatesaronika 5:16-17

Munamoto waShe Jesu

Baba vedu vari kudenga, Zita renyu ngarikudzwe.
Ushe hwenyu ngahuuye, Kuda kwenyu ngakuitwe
panyika sezvakunoiwa kudenga. Tipei nhasi zvokudya
zvedu zvinotiringana, tikanganwirei mhosva dzedu
sezvatinokanganwira avo vanotitadzira.

Musatipinza pakuedzwa asi tirwirei pane zvakaipa.
Nokuti Ushe ndohwenyu, nesimba nokubwinya, nokusingaperi.
Ameni

Jesu anonyengetera Panguva Yeshumiro Yake

Ruka 5:15-16 ~ Asi mukurumbira wake wakapararira kwazvo,
zvokuti vanhu vazhinji zhinji vakauya kuzomunzwa uye kuti
vaporese zvirwere zvavo. Asi Jesu kazhinji aizvitsaura achienda
kusina vanhu kuti andonyengetera.

Ruka 6:12-13 ~ Nerimwe ramazuva iwayo, Jesu akabuda akaenda
kugomo kuti andonyengetera, uye akapedza usiku hwose
achinyengetera kuna Mwari. Fume mangwana, akadana vadzidzi
vake akasarudza gumi navaviri pakati pavo, avo vaakatumidza
kuti vapostori:

Ruka 9:28-29 ~ Mazuva angasvika masere akati apera,
shure kwokunge Jesu ataura izvozvo, akatora Petro
naJohani naJakobho pamwe chete naye akakwira mugomo
kundonyengetera. 29Akati achinyengetera, kuonekwa kwechiso
chake kwakashanduka, nguo dzake dzikachena dzikapenya
sokupenya kwemheni.

Jesu anonyengetera ari pamuchinjikwa

Ruka 23:46 ~ Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Baba,
ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu.”

Jesu muGetsemani

Mateo 26:36-46

Ipapo Jesu akaenda navadzidzi vake kunzvimbo inonzi Getsemani, uye akati kwavari, “Garai pano ini ndichienda apo kundonyengetera.” 37 Akatora Petro navanakomana vaZebhedhi vaviri akaenda navo, uye akatanga kuva neshungu, uye akatambudzika. 38 Ipapo akati kwavari, “Mweya wangu uri kushungurudzika kwazvo kusvika pakufa. Garai pano uye murinde pamwe chete neni.”

39 Akaenda mberi zvishoma, akawira pasi nechiso chake akanyengetera achiti, “Baba vangu, kana zvichibvira mukombe uyu ngaubviswe kwandiri. Asi kwete kuda kwangu asi kuda kwenyu.”

40 Ipapo akadzokera kuvadzidzi vake akavawana vavata. Akabvunza Petro achiti, “Varume, matadza kurinda neni kweawa imwe chete? 41 Rindai uye munyengetere kuti murege kupinda mukuedzwa. Mweya unoda, asi muviri wakaneta.”

42 Akaendazve kechipiri akanyengetera achiti, “Baba vangu, kana zvisingagoni kuti mukombe uyu ubviswe kwandiri kunze kwokutenge ndaunwa, kuda kwenyu ngakuitwe.” 43 Paakadzoka, akavawanazve vavata nokuti meso avo akanga azere nehope.

44 Saka akavasiya akaendazve uye akanyengetera kechitatu, achitaura zvimwe chetezvo. 45 Ipapo akadzokazve kuvadzidzi akati kwavari, “Muchakavata uye muchakazorora here? Tarirai, nguva yava pedyo, uye Mwanakomana woMunhu ari kupandukirwa achiiswa mumaoko avatadzi. 46 Simukai, ngatichiendai! Anondipandukira uya ouya!”

(Verengawo Marko 14:32-42, Ruka 22:40-46)

Jesu anonyengetera ari muGetsimani

- 1. Zuva rokuroverwa kwake risati rasvika, Jesu akaenda akenda kubindu kundonyengetera. Ko Jesu anoti akanzwa sei?**
- 2. Ndevapi vadzidzi vatatu vaakenda mberi naJesu mubindu?**
- 3. Ko sei Jesu akaenda nevadzidzi ava?**
- 4. Ko sei Jesu asina kufara nevadzidzi ava?**
- 5. Ko Jesu akanyengetera kanokwana kangani?**
- 6. Ko Jesu akakumbira Baba vake kuti vaitei.**
- 7. Jesu zvaaiziva kuti aizotambudzika, uye nokuzofa, ko sei akanyengetera?**
- 8. Ko Jesu aipedzisa minyengetero yake sei? Ko izvi zvinorevei?**
- 9. Uchiri kurangarira here imwe nguva yawakakumbira vamwe kuti vanamate newe?**
- 10. Ko unonzwa sei kana Mwari akapindura munamato wako neimwe nzira yaunenge usingatarisire? Unogona here kuvimba murudo rwaMwari ruzere, zvokuti ungati, “Kuda kwenyu ngakuitwe?” Ko ndoupi munamato unodikanwa unosanganisira mashoko awa? Apo unenge uchinamata munamato uyu, gadzirira mwoyo wako kubvuma kuita kuda kwaMwari.**